



## Kòman pou Kreye oswa Jwenn Aksè nan Kont Asistans Reyanplwa (RA) w la


1. Ale sou [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) epi chwazi "Claimants" anlè sou bò dwat paj dakèy la oswa klike sou [kont RA](#) pou jwenn aksè dirè sou li nan gid sa a.



**i!** Reklaman ki poko gen 18 yo dwe rele Sant Sèvis Kliyan Asistans Reyanplwa Florid la nan 1-833-FL-APPLY (1-833-352-7759) pou èd ak pou w ka aplike pou benefis yo.

2. Klike sou "Anrejistre konye a" si ou genyen:

- A. Pat janm ranpli pou Asistans Reyanplwa deja, OSWA
- B. Te depoze yon reklamasyon Asistans Reyanplwa avan 2 septanm 2021 epi w pat kreye nouvo idantifyan pou konekte.



3. Antre adrès imèl ou epi

klike sou "Voye Kòd

Verifikasyon an."

FLORIDACOMMERCE

Mete adrès imèl ou a nan espas ki anba a epi chwazi 'voye kòd verifikasyon'

Adrès imèl

Voye kòd verifikasyon an



Ou pa ka pataje Imèl yo; chak detantè kont RA dwe gen pwòp adrès imel li.

4. Tcheke kont imel ou a

pou "Kòd Verifikasyon" w lan

FLORIDACOMMERCE

Enstriksyon enpòtan konsènan  
Chanjman nan koneksyon sou kont ou a

Mèsi paske w verifye adrès imèl ou a. Tanpri itilize kòd verifikasyon ki anba a pou kontinve kreve kont ou a.

Kòd Verifikasyon an: 813589

Si w pat kreye yon kont, pa gen anyen de plis ou oblige fè.

Mèsi

Ekip Asistans Reyanplwa Florid

Remak: Imèl la ap soti nan [Alerts@noreply.commerce.fl.gov](mailto:Alerts@noreply.commerce.fl.gov).

Si ou pa resevwa yon kòd verifikasyon, verifye adrès imèl ou te bay la pou wè si li kòrèk epi tcheke dosye spam ak kourye endésirab ou yo.

5. Antre kòd verifikasyon w lan nan chan ki kòrèk la epi klike sou "**Verifye Kòd la.**"

Yo voye yon kòd verifikasyon an nan adrès imèl ou te bay la.  
Tanpri mete kòd verifikasyon an nan espas ki anba a epi chwazi "Verifye Kòd."

example@mail.com

371277

**Verifye kòd la**      **Voye yon nouveau kòd**



Remak: Si w pat resevwa yon kòd verifikasyon atravè imèl, klike sou "**Voye yon nouveau kòd.**"

6. Antre enfòmasyon adisyonèl ki nesesè yo epi klike sou "**Kreye.**"



Kenbe imèl ou a ak modpas ou a prive.

Remak: Si yo deja ap itilize imèl ou verifye a , klike sou "**Chanje Imèl la**" pou antre yon nouveau imèl epi repete etap ki anwo yo pou re-verifye.

Adrès imèl ou a verifye, tanpri ranpli espas sa yo pou w ka kontinye.

example@mail.com

**Chanje imèl la**

Nouvo Modpas 

Konfime Nouvo Modpas la 

Premye non

Siyati

**Kreye**



## 7. Chwazi metòd

otantifikasiyon milti-faktè  
prefere a epi klike sou  
**"Kontinye."**

Remak: Ou ka chwazi plis  
pase yon metòd  
otantifikasiyon.

Tanpri chwazi metòd otantifikasiyon milti-faktè w pi pito  
a.

App Otantifikatè a (Pi Sekirize)

Mesaj tèks oswa apèl nan telefòn

**Kontinye**

## 8. Swiv etap sa yo nan otantifikasiyon milti-faktè ou prefere a:

**Opsyon App Otantifikasiyon**

### A. Eskane kòd QR yo

te bay la pou resevwa  
yon kòd verifikasyon.

**FLORIDACOMMERCE**

Ekane Kòd QR sa a avèk app otantifikatè ou an



Kòd Verifikasyon an

**Kontinye**



Eske w bezwen yon App Otantifikasiyon?




**B.** Antre kòd

verifikasyon an.

**C.** Klike "Kontinye."


**D.** Apre w fin verifye  
kòd ou a, you pral  
otomatikman redirije  
w sou pajkoneksyon  
ID.me an.



Tanpri pa efase aplikasyon otantifikatè w lan. Wap bezwen l pou w ka jwenn aksè nan kont RA w la.

**Opsyon pou Resevwa  
Mesaj Tèks**


**A.** Antre nimewo  
telefòn mobil ou a.



**B.** Klike sou "Voye Kòd  
la" pou resevwa yon  
kòd verifikasyon  
atravè mesaj tèks.




- C.** Jwenn kòd verifikasyon ou te resevwa nan mesaj tèks la.



- D.** Antre kòd verifikasyon an epi klike sou "**Verifye Kòd la**".


- E.** Apre w fin verifye kòd ou a, yo pral otomatikman redirije w sou paj koneksyon ID.me an.




Remak: Si w pat resevwa yon kòd verifikasyon, ou ka klike sou "**Voye yon nouvo kòd**".

## Opsyon Apèl Telefònik

- A.** Antre nimewo telefòn mobil ou a.



- B.** Klike sou "Rele m."  
Ou pral resevwa yon apèl otomatik. Peze diyèz (#) pou verifye.



- C.** Apèl la pral  
dekonekte  
otomatikman, epi yo  
pral redirije w nan paj  
koneksyon ID.me an.



Tout Moun ki ranpli yon aplikasyon pou benefis Asistans Reyanplwa avèk eta Florid oblige verifye idantite yo atravè ID.me.

## 9. Pwosesis verifikasyon

ID.me. Si ou:

- A.** Pat janm verifye idantite w atravè ID.me, klike sou "Kreye yon kont ID.me."
- B.** Te deja verifye idantite w atravè ID.me, chwazi "Konekte."
- C.** Te deja verifye idantite w atravè ID.me men ou te blyie modpas ou a, klike sou "Ou blyie modpas."

The screenshot shows the 'Konekte nan ID.me' page. At the top, it says 'ID.me + FLORIDACOMMERCE'. Below that is a question 'Ou nouvo sou ID.me ?' with a link 'Kreye yon kont ID.me'. There are two input fields: 'Imèl' (Email) with placeholder 'Antre adrès imel ou' and 'Modpas' (Password) with placeholder 'Antre modpas la'. A large blue button labeled 'Konekte' is centered below the fields. At the bottom left, there's a link 'Ou blyie modpas' and at the bottom right, a link 'KOUCHE'.

Tanpri revize [Kouman pou mwen Verifye Idantite mwen](#) pou plis enfòmasyon.

**10.** Apre w fin ranpli verifikasyon w avèk ID.me, y ap voye w otomatikman nan paj Avètisman Rekaman an. Li, tcheke kare a pou rekonèt la, epi klike sou "**Swivan**."


The screenshot shows a confirmation page with a list of points:

- Reprezantan Eta Florid yo kapab li, anrejistre, kopye epi kontwole tout sa w fè oswa di sou sistèm lan.
- Tout enfòmasyon ki nan sistèm sa a rete konfidansyèl.
- Nenpòt moun ki gen aksè nan sistèm lan, oswa ki li oswa kopye enfòmasyon yo, san pèmisyon, yo ka akize yo de yon deli. Kapab genyen tou lòt sanksyon legal.


Below the list is a statement 'Mwen te li e konprann enfòmasyon anwo yo.' followed by a checkbox with a red asterisk. A blue button labeled 'Swivan' is at the bottom, with an orange arrow pointing to it. At the very bottom, there's a small blue button labeled 'ZMIANSU'.

**11.** Si ou:

- A.** Pat janm aplike pou Asistans Reyanplwa anvan, klike sou "**Nouvo Reklaman.**"



- B.** Te depoze yon reklamasyon pou Asistans Reyanplea anvan 2 septanm 2021, antre Nimewo Sekirite Sosyal ou oswa ID Reklaman an. Antre PIN ou. (Klike "Bliye PIN" si sa nesesè pou reyajiste PIN ou an.) Klike "**Konekte.**"



Tanpri revize [Reyajiste PIN Asistans Reyanplwa w la](#) lan pou plis enfòmasyon.

**12.** Yon fwa ou fin kreye kont RA ou a, ou ka retounen nenpòt ki lè pou jwenn aksè nan paj dakèy kont RA ou a avèk kèk senp etap sèlman. Pou kòmanse, antre adrès imèl ou ak modpas ou. Klike sou "**Konekte**".

The screenshot shows a login form for FloridaCommerce. At the top, it says "FLORIDACOMMERCE". Below that is a section titled "Konekte" with two input fields: one for email ("Example@mail.com") and one for password ("....."). Underneath the password field is a link "Èske w bliye modpas ou?". A large orange arrow points to the "Konekte" button, which is highlighted with a red border. Below the button are links "Èske w pa gen yon kont?" and "Anrejistre konye a".

Nòt: Kont RA ou a pèmèt ou aplike pou benefis, revize estati reklamasyon w la, resevwa avi, wè enfòmasyon sou peman, ak plis ankò! Asire ou tcheke ase souvan pou jwenn enfòmasyon ajou sou reklamasyon w la.

**13.** Otantifye ak metòd ou te chwazi anvan an.



Si ou te efase app otantifikasyon an oswa chanje nimewo telefòn ou a, wap bezwen retabli metòd otantifikasyon ou a, tanpri revize gid [Mete ajou Metòd Otantifikasyon Multifaktè Kont Asistans Reyanplwa w la](#).

**14.** Ou ka oblige verifye identite w atravè ID.me. Tanpri konekte epi ranpli verifikasyon an.

Imèl  
Antre adrès imel ou

Modpas  
Antre modpas la

Konekte

Konekte

**15.** Nan paj Avètisman Reklaman a, li, tcheke kare a pou rekonèt, epi klike sou "Swivan."

- Reprezantan Eta Florid yo kapab li, anrejistre, kopye epi kontwole tout sa w fè oswa di sou sistèm lan.
- Tout enfòmasyon ki nan sistèm sa a rete konfidansyèl.
- Nenpòt moun ki gen aksè nan sistèm lan, oswa ki li oswa kopye enfòmasyon yo, san pèmisyón, yo ka akize yo de yon deli. Kapab genyen tou lòt sanksyon legal.

Mwen te li e konprann enfòmasyon anwo yo.  \*

Swivan

ZMIANU

**16.** Klike "Swivan" pou jwenn aksè nan paj dakèy kont RA ou a.

Si pou Reklamatè ki egziste déjà

ou "Swivan" pou jwenn aksè so kont Reconnec

Swivan

OK